



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/13/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE KALANDRIYE 2016: PWOPOZISYON SIYATI KI ASIRE KE NEW YORK SE - E LAP TOUJOU KONTINYE RETE DEVLOPE POU DIRIJE

Nan 6yèm Diskou Eta a sou sityasyon Eta a li a, Gouvènè Cuomo prezante kalandriye transfòmasyon pou Eta New York ki bati sou 5 ane pwogrè epi li konsantre sou leve etanda sou pwoblèm ijan ak zòn opòtinite yo

Bidjè Egzekitif Gouvènè a ap kontinye ak dosye disiplin fiskal la pandan yap fè investisman konsiderab nan enfrastrikti, lojman abòdab ak sanzabri, ak finansman edikasyon

Règleman ki pi djanm nan peyi a sou peye konje fanmi; premye-nan-peyi- a; \$15 salè minimòm; eliminasyon enèji chabon nan ane 2020; pake etik konplè; ak angajman pou ogmante tès depistaj kansè nan tete de 10 pousan tout sa enkli nan kalandriye 2016 Gouvènè a

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Diskou 2016 Eta a sou Sityasyon Eta a ak Diskou Bidjè Egzekitif li nan Empire State Plaza Convention Center nan Albany. Tèm kalandriye Gouvènè a pou ane a se “Devlope pou Dirije,” nan rekonesans eritaj New York kòm yon gad estanda nan tout istwa Etazini, pwogrè siyifikatif ki reyalize nan eta a pandan senk ane ki sot pase yo, ak kapasite fondamantal New York pou l dirije peyi a nan abòde kèk nan pwoblèm ki pi ijan jounen jodi a.

“Nan senk ane nou te akonpli anpil bagay pou Eta New York. Men avèk tout sa nou fè yo, nou pa alabri ak pwoblèm kap kontrarye peyi nou an. Soti nan enfrastrikti kap tonbe pou rive nan chanjman klima ak gwo eka ki genyen ant moun ki rich ak tout lòt moun yo, nou menm tou nap fè fas ak anpil pwoblèm. Mwen konnen ke New York kapab gen viktwa sou pwoblèm sa yo, sepandan paske nou te fè l deja,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pwouve kapasite pou nou jere pi gwo pwoblèm jounen jodia, ak fè bagay ki te konn parèt enposib. Ansanm, nou devlope yon New York ki pi entelijan, pifò ak pi fyab pase anvan – e nou pral montre peyi a chemen pou yo avanse yon fwa ankò.”

Liv règleman konplè 2016 Gouvènè a disponib [isit la](#). Anpil nan pwopozisyon siyati pou ane 2016 la dekri anba a.

KONTINYE DISIPLIN FISKAL AK EFIKASITE GOUVÈNMAN AN

Kenbe Depans Eta a Anba De Pousan

Bidjè Egzekitif la pral kontinye menm apwòch disiplin nan zafè fiskal yo ki te make senk premye bidjè Gouvènè a. Pou yon sizyèm fwa, bidjè a limite kwasans anyèl la nan depans Fon pou Fonksyonman eta a nan 1.7 pousan.

\$300 Milyon pou Redwi Taks pou Ti Biznis yo

Ti biznis yo se pati esansyèl nan ekonomi eta a, yo konte pou 43 pousan nan tout djòb nan sektè prive nan New York. Pandan senk dènye ane ki sot pase yo, Gouvènè Cuomo te travay san pran souf pou l ranfòse konpetisyon ti biznis yo nan diminye fado taks yo. Depi li antre an fonksyon an 2011, li te fè yon seri rediksyon ki pral fè ti biznis yo toupatou nan eta a ekonomize \$3.8 milya nan ane 2021.

Pou kontinye kwasans sektè ti biznis yo ak ede agrandi ekonomi New York, Gouvènè Cuomo pwopoze pou l koupe taks ni pou ti biznis ki peye atravè taks antrepriz ak pou sa yo ki peye atravè taks revni pèsonèl yo. Apeprè 1,091,000 ti biznis nan tout eta a pral benefisye nan pwopozisyon sa a. Wap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Ankouraje Konsolidasyon Minisipal

Gouvènè a pwopoze yon Konsolidasyon Minisipal ak Konpetisyon Efikas ki deziyen pou rekonpanse gouvènman lokal yo ki pran bonjan etap pou rann travay ak lavi New York pi abòdab. Konpetisyon an ap mete an defi konte, vil, bouk ak vilaj yo pou devlope plan daksyon konsolidasyon inovatè ki vize nan rediksyon taks enpòtan ak pèmanan sou pwopriyete. Patenarya konsolidasyon ki pwopoze a e ki ka enpleman pi gwo rediksyon pèmanan nan rediksyon taks sou pwopriyete ap resevwa yon prim \$20 milyon. Wap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Fè Investisman ki gen Sikse

Kenbe disiplin fiskal pèmèt New York investi nan estrateji ki garanti pou divèsifye ak devlope ekonomi rejyonal yo ak kreye kominote ki pi solid toupatou nan eta a. Pou l bati sou sikse Konsèy Rejyonal la ak Inisyativ Revitalizasyon Upstate yo, Gouvènè a pwopoze pou l kontinye apwòch devlopman ekonomik sa a avèk \$950 milyon nan bidjè 2016-17 eta a pou l sipòte yon sizyèm wonn nan prim Konsèy Rejyonal la ak prim jwè URI yo. Wonn VI nan inisyativ Konsèy Rejyonal la pral gen ladann \$750 milyon ki pou separe an konpetisyon ant dis rejyon nan eta a, ak \$200 milyon pou finanse gwo pwojè pou jwè nan konpetisyon URI ane pase yo.

Anplis, Gouvènè a pwopoze pou l ogmante bidjè pou kanpay I LOVE NY la nan 10 pousan pou l ka kontinye agrandi gwo sektè touris New York la – ki te responsab pou plis pase 883,000 djòb ak yon enpak ekonomik \$100 milya nan ane 2015 la.

Kontinye ak Pwogram Sekou Medicaid pou gouvènman Lokal yo

Eta elimine kwasans nan pataj lokal nan Medicaid, ki fè konte yo ap benefisye plis pase \$800 milyon nan senk an (Ane Fiskal 2015-2019). Pou Ane Fiskal 2015 ak apre, pri Medicaid pral koute konte yo nan taks pwopriyete pap ogmante – Eta a ap absòbe tout

ogmantasyon nan pwogram Medicaid pou konte sa yo. Eta ap asime tou responsabilite administrativ pou konte yo. Sa pral pote plis efikasite epi ede reyalize inisyativ refòm swen sante onivo Eta ak Federal.

DEVLOPE POU JERE PWOGRAM ENFRASTRIKTI

Pou w rete konpetitif, ankouraje devlopman ekonomik, epi kreye travay, New York dwe kontinye rebati ak modènize wout, pon, rezo laj bann, bilding piblik, ansanm avèk lòt enfrastrikti yo nan eta. Depi li te antre nan administrasyon an, Gouvènè Cuomo te investi plis pase \$54 milya nan pwojè enfrastrikti nan New York epi re-avance apwòch eta nan devlopman ekonomik. Anplis, Gouvènè a te ede relanse pwojè ki te bloke oswa ki te gen anpil reta, tankou ranplasman Pon Tappan Zee, redevlopman Ayewopò LaGuardia ak JFK, ak pwojè Tinèl Gateway ant New York ak New Jersey.

Gouvènè a ap kontinye pwogrè sa ane sa, avèk yon kantite gwo pwojè pou bati, rebati ak renove enfrastrikti yo nan eta. Pwojè sa yo gen ladan, men yo pa limite a, pwopozisyon ki annaprè yo:

- **Transpòtasyon Long Island:** Transfòme ak elaji enfrastrik enpòtan nan pati sid eta epi fè investisman esansyèl nan rejyon pati sid la. Pi remakableman, pwopozisyon an gen ladan yon gwo ekspansyon ak pwojè amelyorasyon pou chemendefè Long Island ant Floral Park ak Hicksville.
- **Enfrastrikti Dlo:** Investi \$250 milyon pou sipòte pwojè enfrastrikti dlo ak egou nan eta, patikilyèman nan kominote Upstate yo.
- **Thruway Authority:** Investi \$700 milyon nan enfrastrikti Thruway, anplis de angajman ane pase a de \$1.285 milya. Kòm yon rezilta de investisman sa Thruway a ap anmezi pou bloke tòll pou tout chofè yo jiska omwen ane 2020.
- **Wout ak Pon yo:** Lanse yon plan kapital plizyè ane \$22 milya pou modènize wout enpòtan yo, pon ak lòt enfrastrikti transpòtasyon esansyèl toupatou nan eta espesyalman nan Upstate New York.
- **Penn Station:** Transfòme Penn Station ak Biwo Lapòs istorik James A. Farley an yon sant transpòtasyon nivo mondyal, avèk yon depans \$3 milya ki prevwa.
- **Laj Bann:** Konsiderableman elaji epi amelyore aksè a Entènèt wo-vitès nan kominote yo nan tout eta.
- **Javits Center:** Redevlope Sant Konvansyon Jacob K. Javits pou stimile ekonomi rejyonal, avèk yon depans \$1 milya ki prevwa.
- **MTA:** Modènize epi fondamantalman transfòme Metropolitan Transportation Authority, konsiderableman amelyore eksperyans vwayaj pou plizyè milyon Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo nan rejyon metropoliten.
- **Ayewopò Upstate yo:** Lanse yon konpetisyon \$200 milyon pou renove ayewopò Upstate yo. Pwopozisyon an fèt pou amelyore ayewopò yo toupatou nan Upstate New York, ak pwomote nouvo opòtinite pou devlopman ekonomik rejyonal ak patenarya ant sektè piblik ak prive a.

Wap jwenn enfòmasyon disponib sou pwopozisyon enfrastrikti sa yo nan liv politik 2016

Gouvènè a [la](#). Wap jwenn yon repatisyon depans sou gwo eleman enfrastrikti yo disponib [la](#).

SIPÓTE LEKÒL YO EPI ENVESTI NAN EDIKASYON

Ane pase, Eta New York te adopte yon bidjè ki te obgmante lajan pou distri lekòl piblik yo a \$23.5 milya – nivo ki pi elve nan istwa eta. Lajan sa te sipòte preske 700 distri lekòl, e 2.8 milyon elèv nan klas pre-matènèl jiska klas 12yèm ane. Eta New York aktyèlman depanse plis pou elèv pase nenpòt lòt eta nan peyi a, nan yon mwayèn de \$19,818, preske double mwayèn nasyonal la de \$10,700.

Ane sa, Gouvènè a pwopoze pou yon fwa ankò ogmante nan fason ki enpòtan investisman Eta na nlekòl piblik yo. Bidjè Egzekitif li a ede lekòl yo pa \$2.1 milya sou pwochen de ane lekòl yo, enkli \$991 milyon (4.3 ppousan) ogmantasyon pou ane lekòl 2016-17 la. Sa a pote total èd la a \$24.2 milya nan ane lekòl 2017. Pwozozisyon Gouvènè a ap ogmante èd pou chak distri lekòl nan eta, e li pral yon fwa ankò avanse sipò edikasyon nan tout eta pou rive nan nivo rekò.

Elaji NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020

Nan 2011, Gouvènè Cuomo te etabli pwogram NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020 pou pèmèt frè eskolè pa monte epi previzb pandan lap bay \$470 milyon nan resous adisyonèl a kolèj ansanm avèk inivèsite piblik New York yo. NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020 te fikse yon frè eskolè ki te dramatikman enprevizb ki te anpeche etidyan ansanm avèk fanmi yo anmezi puo planfiye pou depans konplè edikasyon yo epi mete fen nan frè eskolè drastik ki tap ogmante de 45 pousan. Apre senkan frè eskolè previzib, pousantaj rezidan kolèj piblik katran New York rete pi ba nan nòdès ak pi ba nan echèl nasyonal.

Anplis pou bay etidyan ansanm avèk fanmi yo ogmantasyon frè eskolè ki previzib, depi 2011 pwogram sa te bay tou \$470 milyon nan nouvo fon sibvansyon kapital ki matche grasa Pwogram Sibvansyon piblik-prive Challenge NYSUNY 2020 and NYCUNY 2020 Empire State Development ki relye sistèm edikasyon siperyè a devlopman ekonomik. Pwogram nan bay rekonpans anba-anwo, endividalize, plan devlopman ekonomik alontèm sou kanpis SUNY ak CUNY ki gen ladan patenarya piblik-prive pou benefisye kanpis la ak kominote avwazinan yo. Pwojè yo dwe demontre enpak mezirab sou alafwa eksperyans akademik etidyan yo ak enpak ekonomik dirab grasa devlopman mendèv ak aktivite rechèch avèk posibilite pou kondwi a komèsyalizasyon.

Pou kenbe frè eskolè yo fèb ak previzib epi enjekte lajan adisyonèl nan sistèm SUNY ak CUNY nou an, Gouvènè a pwopoze pou elaji lwa 2011 lan pou senkan anplis. Daprè pwopozisyon frè eskolè rasyonèl sa, SUNY ak CUNY ap anmezi pou ogmnate frè eskolè jiska \$300 chak ane, founi ke yo anmezi pou demontre efò konsiderab pou redwi depans epi nenpòt ogmantasyon lye a endis enflasyon apwopriye. Revni anplis ki jenere pa nenpòt ogmantasyon adisyonèl nan frè eskolè ta dwe ale nan yon “bwat sekre” pou sipòte pwofesè, amelyore enstriksyon epi bay kredi frè eskolè pou etidyan ki kalifye pou TAP-yo. Yon ogmantasyon \$300 chak ane ta ogmante \$89 milyon chak ane

pou SUNY ak \$51 milyon pou CUNY. Pwogram sa ap kontinye bay \$110 nan nouvo sibvansyon kapital ki koresponn grasa Empire State Development pou Pwogram Sibvansyon Challenge NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020 e lap makonnen avèk ogmantasyon ki prevwa pou \$400 milyon nan finansman eta sou pwochen senkan yo.

Mete fen nan Ajisteman Eliminasyon Eta

Gouvènè Cuomo te pwopoze ogmantasyon èd \$2.1 milya nan èd lekòl yo ki pral pèmèe Eta elimine tou Ajisteman Eliminasyon Eta \$434 milyon ki pa peye sou dezan, ansanm avèk pou bay yon ogmantasyon operasyon pou chak distri lekòl nan eta. GEA a te premye adopte nan 2009 nan fason pou konbat resesyon finansye drastik ki nan tout mond lan. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo Eta te travay san pran souf pou restore GEA pou chak distri lekòl ki te afekte. Gouvènè a pwopoze ke sou pwochen dezan yo, GEA ap elimine nèt yon fwa pou tout. Plan dezan sa pou elimine GEA ap pèmèt distri lekòl yo gen yon sous revni previzib pou amelyore planifikasyon finansye alontèm epi sipòte pratik bidjè responsab.

Etabli yon Fon Lekòl Kominotè \$100 Milyon

Gouvènè a ap investi \$100 milyon pou sipòte transfòmasyon lekòl ki pa gen siksè yo ansanm avèk lòt lekòl ki gen anpil bezwen nan kominote lekòl yo kidonk yo ka adrese pwoblèm povrete avèk kominote yo kap travay ansanm pou asire ke chak elèv prepare, ansekirite, ansante epi pare pou aprann. Investisman sa enpòtan pou bay elèv yo opòtinite bonè pou devlope avni pozitif epi mete fen nan tandans pousantaj krim elve pami jèn defavorize yo.

Elaji Kontwòl Majistra nan Vil New York

Vil New York te gen yon kontwòl majistrati sou sistèm lekòl piblik li a depi 2002; otorite a ap ekspire nan 2016. Gouvènè Cuomo sipòte yon ekstansyon twazan sou kontwòl majistra nan Vil New York ane sa a. Anplis, Gouvènè Cuomo ankouraje majistra nan lòt vil yo nan eta pou egzamine si kontwòl majistrati a ta ede pou sipòte epi amelyore akonplisman elèv la.

Elaji Pre-Matènèl pou timoun laj twazan yo

Aktyèlman genyen preske 120,000 elèv ki nan pwogram pre-matènèl eta, anpil nan plas jounen lekòl konplè. Gouvènè a te investi \$30 milyon adisyonèl ane pase pou sipòte pwogram pre-matènèl pou 3,000 adisyonèl pou distri ki gen anpil bezwen yo pou timoun twa oswa katran. Gouvènè a pwopoze yon investisamn adisyonèl \$22 milyon nan pre-matènèl pou timoun laj twazan ki pral sipòte pwovizyon edikasyon bonè pou 2,000-2,500 elèv adisyonèl laj twazan epi asire ke timoun sa yo ap genyen aksè a bon jan kalite edikasyon menm pi bonè pandan ane devlopman enpòtan sèvo yo ak devlopman langaj, ansanm avèk opòtinite pou bati konfyans ak konpetans sosyal grasa aktivite ak jwèt e Gouvènè a pwopoze yon investisman adisyonèl \$2 milyon pou assireke pwogram pre-k yo bon jan kalite.

Restore Konfyans nan Edikasyon: Gwoup Travay Common Core

Pou reponn a konfizyon ak dezòd ki te lye avèk ansyen enplemantasyon Common Core la, Gouvènè Cuomo te nome yon Gwoup Travay 15-manm pou revize estanda,

pwogram detid, ak evalyasyon eta. Nan desanm 2015, Gwoup Travay la te pibliye yon rapò ki gen plis pase 50-paj ak 21 rekòmandasyon baze sou kòmantè li te resevwa nan men paran, pwofesè, elèv, ansnam avèk lòt espesyalis edikasyon nan 12 sesyon angajman piblik, ansanm avèk sou 2,000 kòmantè ak konvèsasyon avèk entèvenan yo. Apre anpil revizyon, Gouvènè a aksepte tout 21 rekòmandasyon yo ki nan rapò Gwoup Travay Common Core la.

Gwoup Travay la pwopoze refòm dramatik pou redwi tès, ogmante patisipasyon paran ak abilite distri lokal yo. Refòm sa yo te esansyèl paske nou te wè paran yo pèdi lafwa nan sistèm lan. Apeprè 20% nan etidyan yo te chwazi pou pa pran egzamen yo e nan kèk distri li te preske 90%. Senpleman mete, sistèm edikasyon an echwe san konfyans paran. Pou restore konfyans lan nou te di ke nou ta korije pwogram Common Core Depatman Edikasyon Eta enplemantasyon rejim tès ak erè. Tan te montre ke se bon desizyon an e Gouvènè a ankouraje Depatman Edikasyon Eta pou l fè l byen fwa sa e li toutafè dispoze pou ede nan epi kontwole efò a.

Pase Kredi founiti \$200 pou Pwofesè yo

Gouvènè Cuomo te sipòte pandan lontan inisiativ ki te fèt pou atire epi kenbe pwofesè ekselan nan lekòl New York yo. Pwofesè yo travay di ak sipòte elèv yo, e Eta ta dwe ankouraje ak sipòte pwofesè sa yo. Nan fason pou nou remèt pwofesè yo ki achte materyèl enstriksyon oswa lòt founiti pou salklas yo, Gouvènè a pwopoze yon kredi taks \$10 milyon pou ranbouse pwofesè yo jiska \$200 pou acha materyèl ak founiti pou salklas yo.

ASIRE YON NEW YORK KI PI PWÒP, PI VÈT

Fasilite yon New York ki san chabon nan 2020

Chabon se youn nan pi gwo emisyon gas greenhouse ak sous gaz anviwonmantal nwizib pou pwodiksyon elektrisite. Byenke chabon an te founi pi gwo nan bezwen enèji nou jis nan ane 1950 yo, peyi a kounye a ap pwofite aksè a resous enèji ki pi pwòp, vè ak pi dirab pou pwodiksyon elektrisite. Anfèt, Eta New York gen sèlman twa izin pwodiksyon aktif chabon ki pwodui mwens pase 4 pousan nan chaj enèji Eta e yon izini prevwa pou fèmen nan 2016.

Pou reyalize objektif eta pou redwi emisyon gaz kabonik apati sektè enèji 40 peousan nan 2030 Gouvènè a ap chèche pou fèmen oswa re-distribye twa izin chabon ki rete yo an sous enèji ki pi pwòp nan 2020. Pou akonpli objektif sa, Gouvènè ap mande Depatman Sèvis Piblik ak DEC pou travay avèk Operatè Sistèm Endepandan New York pou devlope yon plan règlemantasyon ki pral asire fyabilite sistèm nan pandan lap fasilite re-alimantasyon an sous ki pi pwòp oswa fèmti pa pita pase 2020.

Pou diminye enpak ekonomik sou kominote yo ansanm avèk travayè yo Gouvènè a ap pwize nan fon alèjman eta \$19 milyon pou ede konpanse pèt finansye ki te asosye avèk retrèt izini elektrik yo ki demode oswa ki la lontan. Gouvènè Cuomo angaje pou travay avèk lòt pwopriyetè izini yo epi akeyi kominote yo pou reyalize objektif li nan yon fason ki pral konsève travay oswa kenbe anplwaye aktyèl yo pou nouvo travay nan ekonomi

enèji pwòp New York epi bay asistans stabilizasyon revni taks a gouvènman lokal ansanm avèk distri lekòl yo.

Afekte \$300 Milyon pou Fon Pwoteksyon Anviwonman

Gouvènè a te anonse ke Eta New York ap afekte \$300 milyon pou Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta— kantite lajan ki pi elve ak plis pase double nivo fon an lè Gouvènè a te premye antre nan administrasyon an. Ogmantasyon sa ap bay lajan rekò pou investisman anviwonmantal ijan, ajoute resous pou acha tè, tè agrikòl, prevansyon espès anvayisan ak eradikasyon, revitalizasyon bòdmè ak yon ajanda jistis anviwonmantal agresif. Plis enfòmasyon disponib [la](#).

Pwopozisyon sa yo ap ranfòse eritaj Eta New York kòm yon lidè anviwonmantal sou ansyen akonplisman Gouvènè a— enkli [efò](#) pou redwi alafwa emisyon gaz kabonik eta pa 40 pousan nan 2030 epi garanti ke 50 pousan nan tout elektrisite ki kosome nan New York nan 2030 soti nan sous enèji renouvlab ak pwòp.

RANFÓSE SEKIRITE PIBLIK

Afekte \$40 Milyon pou Etabli Prezans Lapolis nan tout Eta pou konbat Teworis

Pou reponn a bezwen pou ogmante pwoteksyon sitwayen li yo apre gwo menas teworis, Gouvènè a te mete sou pye yon pwogram anti-teworis nan zòn metropoliten Vil New York nan 2014 ki te bay yon ogmantasyon nan Lapolis Eta, Lapolis MTA, ak Prezans Gad Nasyonal. Eta te lanse tou aplikasyon mobil nan 2015 “Si w wè yon bagay, voye yon mesaj” kap pèmèt Nouyòkè yo rapòte aktivite sispèk.

Pou pwoteje kont ogmnatasyon menas nan sant transpò ak ensfrastrikti enpòtan yo, Eta ap etabli yon prezans pèmanan lapolis Eta nan Vil New York. Twoupè sa yo nan Eta an inifòm ki fòme espeysalman ap fè patenarya avèk plizyè douzèn anketè pou ranfòse prezans lapolis nan ak ozalantou Vil New York. Anplis, Gouvènè a te mande pou yon investisman total \$40 milyon, sa ki pral elaji prezante lapolis pou pwoteje enfrastrikti enpòtan yo toupatou nan Eta.

Bay Twoupè Eta yo Fòmasyon Amelyore ak Ekipman

Dènye atak laterè yo te revele yon tandans nan direksyon atak kowòdone nan itilize zam atak modèl militè, ansanm avèk gwoup ekstremis ki pran nesans lokalman ki angaje nan atak lous solitè. Atak sa yo fasil pou fèt sou tè Ameriken an e yo ka rive nenpòt kote nan Eta New York. Nouvo reyalite teworis sa mande yon apwòch apwofondi nan efò anti-teworis Eta.

Toutfwa Gouvènè a ap investi tou \$4 milyon pou prepare Twoupè yo nan Eta pou reponn a menas sa kap parèt, alafwa nan Vil New York ak toupatou nan Eta. Investisman sa ap bay fizi wo pwisans, ami ak kask balistik pou tèt pou twoupè ki inifòm kap travay yo, ansanm avèk fòmasyon ki nesesè pou prepare yo pou menas teworis sa kap evolye.

Konsolide Biwo Anti-Teworis avèk Lapolis Eta

Nan 2015, Gouvènè a te anonse ke ansyen Komisè Depatman Lapolis Vil New York Ray Kelly ta kondwi yon evalyasyon an pwofondè sou preparasyon ak efò prevasyon anti teworis eta ki egziste deja. Komisè Kelly te pwopoze yon rekòmandasyon preliminè pou eta konsolide konpozan operasyonèl Biwo Kont-Teworis nan DHSES andedan Biwo Anti-Teworis Lapolis Eta New York sa ke Gouvènè a te aksepte. Chanjman sa ap ogmante efikasite fonksyon anti-teworis Eta nan konsolide tout resous entelijans ak analiz nan Sant Entelijans Eta New York, sou kòmman inik Lapolis Eta New York. Inite amelyore sa ap kontwole tout menas konni ak idantifye sib kap parèt nan itilize dènnye teknik ak teknoloji. Efò sa ap kontinye sipòte efò federal, eta, lokal, tribi ak sektè prive a pou anpeche, pwoteje kont ak prepare pou zak ak menas teworis.

Metè fen nan Dekalaj Laterè

Jodia, eta yo pa kapab itilize Lis Siveyans Laterè gouvènman federal la pou detèmine kimoun ki ka gen lisans pou posede oswa otorize pou achte yon zamafe e Washington D.C. pa ka dakò sou itilizasyon enfòmasyon entelijans osijè teworis nan kontwòl verifikasyon antesedan pou zam. Gouvènè a mande gouvènman federal la pou ofisyèlman ajoute Lis Siveyans Laterè Etazini nan kritè li itilize pou kontwòl verifikasyon antesedan nan Eta New York. Sa a ta anpeche teworis sispèk oswa sa ki koni pou yo legalman pa achte zam e sa ta verifye lis kontwòl laterè a vèk demann Sistèm Verifikasyon Enfòmasyon istwa kriminèl, efikasman fèmen dekalaj laterè nan eta epi bare moun yo ki sou lis siveyans laterè federal pou yo pa legalman ame tèt yo.

KONDWI PEYI A NAN PWOGRÈ EKONOMIK AK SOSYAL

Afekte plis pase \$20 milya pou ekspansyon masif Plan Sanzabri ak Lojman

Malgre akonplisman enpòtan nan konsèvasyon lojman a bon mache ak konstriksyon sou senkan ki sot pase yo— avèk akonplisman ki gen ladan pi gwo angajman eta nan lojman a bon mache grasa inisyativ \$1 milya House NY ansanm avèk kreyasyon Inite Pwoteksyon Lokatè, sa ki te retounen plis pase 50,000 inite lojman nan lwaye règleman— New York pa t alabri nan pri kay ki tap monte nan eta e li dwe pran etap pou bay lojman ki pi abòdab pou moun sila yo ki bezwen l.

Pou reponn a defi sa, Gouvènè a ap pwopoze pou envesti \$20 milya sou senkan pou de pwopozisyon istorik – yonp lan \$10 milya House NY 2020 pou lojman a bon mache, ak yon Plan Daksyon \$10 milya pou sanzabri.

Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou kreye epi konsève 100,000 inite lojman a bon mache nan eta grasa House NY 2020. Pwopozisyon sa— ki ranfòse depans eta sou pwogram lojman pa preske \$5 milya— ap bati epi konsève inite a bon mache ansanm avèk kay endividyèl yo; fè pwopriyete vin a bon mache pou achtè premye fwa yo; ogmante investisman nan revitalizasyon kominote nou yo; ankouraje opòtinite chwa lojman pou tout Nouyòkè yo; re-òganize sèvis nan fason kap pi byen sèvi kliyan yo enkli Nouyòkè yo kap chèche lojman a bon mache; epi dirèkteman sipòte pwogram lojman pèmanan pou moun sila yo ki gen difikilte avèk abri.

Anplis, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon angajman istorik \$10.4 milya pou konbat

sanzabri. Finansman sa ap sipòte kreyasyon 6,000 nouvo kabann lojman sipòtif, 1,000 kabann ijans ak yon varyete sèvis sanzabri ki elaji sou pwochen senkan yo. Sou 15 ane, Eta ap ajoute 20,000 nouvo inite ki pral devlope sou 44,000 inite lojman sipòtif ki egziste deja ke eta deja finanse. Envestisman sa make pi gwo angajman pou adrese sanzabri nan istwa Eta New York.

Gouvènè a ap pwopoze tou mezi espektakilè pou amelyore kondisyonabri moun ki pa gen kay yo epi restore konfyans piblik nan sistèmabri moun ki pa gen kay. Depi 1ye avril 2015, enspektè yo nan eta te idantifye 2,508 vyolasyon ak sante sekirite nanabri yo nan eta. Nan kad pwopozisyon Gouvènè a, eta ap fè patenaray avèk Kontwolè Thomas DiNapoli pou kontwoleabri yo nan tout eta, ansanm avèk Kontwolè Vil New York Scott Stringer ansanm avèk Kontwolè Buffalo Mark J.F. Schroeder pou revize epi enspekteabri yo nan Vil New York ak Buffalo, respektivman.

Yo te detèmine keabri yo pa ansekirite oswa danjere ap swa imedyatmanajoute pwoteksyon lapolis lokal oswa fèmèn. Si yo te detèmine ke yonabri pa pwòp oswa li otreman pa reponn a sijè anilasyon kontra, ranplasman operatè oswa fèmèti paske gen anpil òganizasyon non-pwofi kalifye ki anmezi pou jere opersayon yon bonabri. Si pwoblèm jesyon operatè a sistemik, yap nome yon reseptè pou dirije sistèm nan. Anplis, eta ap egzije tout distri sèvis sosyal yo pou konfòme avèk lwa ansanm avèk règleman Eta New York oswa yap sijè a sanksyon.

Afekte \$25 Milyon pou Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State

Pwogram \$25 milyon sa ap mete ansanm gouvènman lokal ak eta, òganizasyon non-pwofi ak gwoup biznis yo pou konsewa epi mete sou pye solisyon kowòdone pou ogmante mobilite ekonomik nan dis kominote yo nan upstate New York. Daprè pwogram nan, New York ap bay \$500,000 nan planifikasyon ak enplemantasyon sibvansyon pou chak kominote a, ansanm avèk aksè a yon gwoup sibvansyon \$20 milyon pou mache finansman fondasyon ak sektè prive. Vil yo ki te chwazi pou pwogram nan te seleksyone baze sou konsantrasyon povrete nan minisipalite a. Yo gen ladan Syracuse, Binghamton, Oneonta, Buffalo, Utica, Elmira, Jamestown, Oswego, Troy ak Albany.

Ogmante salè minimòm nan

Gouvènè Cuomo te pwopoze pou fè Eta New York vini premye eta nan peyi a pou adopte yon salè minimòm \$15 pou tout travayè yo. Ogmante salè minimòm nan a \$15 pa èdtan pou tout endistri yo dirèkteman ap benefisye 2.3 milyon travayè nan Eta New York, apeprè yon ka nan efektif total la.

Anvansa, nan kad efò Gouvènè a New York te kòmanse deplase nan direksyon yon salè minimòm \$15 minimum pou anplwaye ki nan endistri manje rapid yo, travayè sektè piblik, ak anplwaye SUNY yo – an total ki konte apeprè a yon ka milyon travayè nan Eta New York. Plis enfòmasyon disponib [la](#).

Bay Jou Konje Fanmi peye pou Travayè New York yo

Lwa Federal aktyèl la fè pwovizyon sèlman pou jou konje fanmi ki pa peye, e sa kreye

yon pwoblèm pou moun sila yo ki gen bezwen pou pran swen yon fanmi ki malad oswa yon tibebe ki fenk fèt e presyon pou retounen travay ak touche lajan. Anplis, konjere federal fanmi ki pa peye ap kouvri sèlman apeprè 60 pousan nan tout travayè yo.

Pou ede travayè yo pran swen pou fanmi yo pandan lap pwoteje salè yo ak sekirite travay, Gouvènè a pwopoze yon nouvo pwogram konje fanmi peye pou travayè New York yo. Eta New York te peye pou pwogram Konje Fanmi Eta kap bay douz semèn travay pwoteje, konje anplwaye finanse ap itilize pou pase plis tan avèk yon tibebe ki fenk fèt oswa pou pran swen yon paran ki malad.

Nan tout eta konje fanmi peye ap benefisye patikilyèman travayè ki gen revni fèb yo ki souvan manke benefis oswa sekirite travay, e pou moun sa yo aksè a nenpòt konje, menm sa ki pa peye pa souvan disponib oswa li pa posib. Jou konfe fanmi peye egalman gen posibilite pou sèvi kòm yon gwo egalizatè pou fi yo. Sa a se konsa, paske nan anpil ka fi yo ki kite travay pou pran swen yon tibebe ki fenk fèt non sèlman renonse a salè aktyèl yo nan koutèm, men tou soufri pou diminisyon salè nan lavni ak trajektwa karyè alontèm. Etabli konje fanmi peye make yon gwo etap nan pouswit egalite ak diyite alafwa nan travay ak nan kay.

Ogmante Opòtinite pou MWBE yo

Nan 2014, Gouvènè Cuomo te etabli yon objektif de 30 pousan pou itilizasyon kontra MWBE eta New York – objektif ki pi wo nan nenpòt eta nan peyi a. Toutfw, dapre lwa eta, objektif sa aplike sèlman pou kontra ke ajans ak otorite eta pibliye; li pa aplike pou finansman eta ke yo bay lokalite tankou vil, konte, bouk, vilaj ak distri lekòl, sa ki konte apeprè \$65 milya chak ane. Ane sa, Gouvènè a ap avanse lwa pou adrese diskoneksyon nan elaji objektif MWBE ki fikse pou lokalite ak antite yo ki fè kontra avèk lokalite sa yo. Sa ap pèmèt pi gwo kantite finansman eta nan istwa pou konbat diskriminasyon sistemik epi kreye nouvo opòtinite pou patisipasyon MWBE yo.

Kontinye Kondwi sou Jistis Kriminèl ak Re-entegrasyon

Gouvènè a te pwopoze yon inisyativ konplè “Vrè Priyorite” pou kontinye eritaj New York kòm yon lidè sou jistis kriminèl ak refòm re-entegrasyon. Enkli sou-mansyonman investisman \$100 milyon nan lekòl kominotè yo, pwopozisyon Gouvènè a mande pou (a) yon investisman \$55 milyon nan Pwogram Jèn lben ak fòmasyon ki gen rapò avèk travay, (b) elaji epi modènize itilizasyon altènativ a prizon, (c) redwi konpòtman kriminèl grasa pwogram edikasyon nan prizon yo, (d) amelyore itilizasyon sipò tranzisyon pandan premye sis mwa apre liberasyon, (e) re-entwoudi lwa pou ogmante laj responsablite kriminèl, e (f) mete restriksyon nan aksè dosye kriminèl moun ki te jwenn padon. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou inisyativ sa [la](#).

Etabli Biwo yon Konseye Endepandan Spesyal

Nan 2015 Gouvènè a te siyen Dekrè Egzekitif 147 ki te nome Avoka Jeneral kòm yon pwokirè spesyal nan kesyon ki gen rapò a lanmò sivil ki pa gen zam ke ofisye lapolis te responsab. Dekrè Egzekitif sa te yon etap enpòtan nan restore konfyans piblik nan egzistans yon revizyon transparan ak objektif sou aparasyon trajik sa yo. Toutfw, sa a se yon solisyon tanporè e gen anpil bagay ki bezwen fèt.

Gouvènè a ap pwopoze kreyasyon yon Biwo pou Avoka Spesyal Endedandan. Biwo sa ap endepandan pou nenpòt relasyon ki egziste avèk lapolis, kidonk evite nenpòt aparans favè oswa patipri. Avèk yon Avoka Spesyal Endepandan ki nome, frekans trajik sa yo ap kontinye reseva yon revizyon endepandan ak ekitab ke yo merite, pandan egalman lap ogmante konpreyansyon piblik la nan pwosesis la.

Pwoteje Viktim Krim Imigran grasa plis aksè nan Viza -U

Moun ki pa gen papyè yo ki pi gwo risk eksplwatasyon nan travay e yo souvan ezite pou rapòte vyolasyon oswa otreman avèk lapolis pa krent depòtasyon. Aktyèlman, gen 900,000 moun ki pa gen papyè nan Eta New York, enkli 522,000 travayè ki pa gen papyè. Lwa Eta New York pwoteje tout travayè yo, kèlkeswa sitiyoasyon imigrasyon, kont diskriminasyon nan travay, vòl salè, move klasifikasyon, vanjans, trafik imen, ansanm avèk lòt vyolasyon travay standa.

Nan 2002, Kongrè a te kreye U Viza Non-imigran (U Viza) pou pwoteje travayè yo kap ede nan deteksyon, ankèt, oswa pouswit yon krim lè li ba yo estati legal tanporè. Viza U a se yon zouti enpòtan pou pwoteje imigran ki viktim krim yo ansanm avèk pou ranfòse kapasite ajans lapolis eta pou ankete epi pouswiv krim yo. Detantè Viza U yo kalifye pou estati legal pou jiska katran e yo ka resevwa sibvansyon otomatik otorizasyon travay. Detantè yo kalifye tou pou ajiste estati a rezidan pèmanan legal apre twazan. Anplis, manm fanmi imedyat ki kalifye ka resevwa viza derive.

Gouvènè Cuomo rekonèt ke yon Viza U se yon zouti ki patikilyèman enpòtan pou ajans yo ki gen responsabilite avèk ranfòsman lalwa ki pwoteje Nouyòkè san papyè ki vilnerab yo. Nan prentan 2011, li te mande Depatman Travay Eta New York pou sètifye Viza U yo nan ankèt ajans lan pou moun kap fè reklamasyon e ki te temwen ki reponn a sèten kritè e ki te demontre ke yo te viktim krim ki kalifye. 217 Pou ede detekte ak pouswiv krim yo, Gouvènè a ap mande Lapolis Eta New York ak Divizyon Dwa Imen pou etabli pwotokòl ofisyèl epi kòmanse resevwa ak tretre sètifikasyon Viza U pou moun kap fè reklamasyon yo, viktim ak temwen. Anplis, Gouvènè a ap mande Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi, grasa kontwòl li sou depatman sèvis sosyal lokal, pou avise distri yo sou responsabilite yo kòm antite kap fè ankèt yo, pou sètifye Viza U yo, jan li prevwa dapre lalwa.

PWOTEJE SANTE PIBLIK

Sètifye Manje Eta New York yo

Agrikilti dinamik ak endistri manje New York pozisyonè eta pou etabli yon egzanp nasyonal pou bay konsomatè yo enfòmasyon enpòtan ak transparan sou manje yap achte epi konsome. Nan 2015, Gouvènè a te kreye yon Komite Konsèy Sou Sekirite ak Kalite Manje yo pou konvoke pi gwo espesyalis peyi a nan pwodiksyon manje ak defansè manje pou egzamine sekirite alimantè ak kesyon move etikèt ak pou idantifye fason pou konsomatè yo detèmine kiyès nan manje New York yo ki pi disponib.

The Gouvènè ap devlope sou travay sa pou lanse Inisyativ Wo Kalite Sètifikasyon Eta New York – yon plan konplè pou restore konfyans nan pwodui New York yo, asire ke etikèt pwodui yo egzat, epi idantifye pwodiktè New York yo ki konfòme a pi bon pratik nan tretman manje ak jesyon anviwonman an.

Inisyativ New York State Certified High Quality gen senk eleman ladan:

1. Mak & Komèsyalizasyon: Yon so Sètifye Eta New York ap disponib pou pwodiktè yo ki kenbe yon bon plan Pratik Agrikilti epi demontre yon bon jesyon anviwonman. Devlope sou siksè pwogram Taste NY, New York ap lanse yon kanpay piblisite a gran echèl pou enfòmè konsomatè yo ke yo ka fè konfyans pwodui alimantè ki gen so a sou li.
2. Aplikasyon: Eta ap ogmante kapasite l pou ranfòse lwa kont fo etikèt ak pratik biznis malonèt. Sa ap pwoteje non sèlman konsomatè yo, men entegrite vas majorite pwodiktè onèt yo egalman.
3. Kontwòl: Espèktè yo ki soti nan Depatman Agrikilti ak Mache ap fè enspeksyon amelyore, sou sit pou risk ki baze sou sekirite manje e yo pral ogmante kantite echantyon manje pu teste. Anplis, Depatman Sante Laboratwa Sant Wadsworth ak Laboratwa Manje Eta a pral amelyore patenarya yo pou kontwòl ak pwoteje sante moun New York yo, nan ogmante kolaborasyon laboratwa ak ranfòse tès manje pou vann nan Eta New York.
4. Fòmasyon ak Sipò Endistri: Eta a pral investi plis pase \$4 milyon pou l antrene fèmme yo nan bonjan pratik manipilasyon manje ak gouvènans anviwonman atravè Pwogram Jesyon Anviwonman Agrikilti ak Pwogram Jesyon Ensèk Nwizib Entegre a. Eta a pral ogmante Gou NY ak inisyativ Fèmnan-Lekòl yo pou ankouraje enterè konsomatè nan pwodwi lokal, Eta New York Sètifye.
5. Investisman: Eta a pral travay avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pou l evensti nan sant distribisyon manje lokal ki pral amelyore aksè nan manje fre ki an sante pou rezidan yo ak ankouraje pwodwi lokal yo pou restoran ak achtè enstitisyonèl yo. New York pral investi tou nan fèm ki chwazi pou transfere nan pwodiksyon grenn jaden òganik.

Ogmante Konesans ak Tès Depistaj pou Kansè Tete ak Pwostat

Gouvènè Cuomo pral lanse yon plan konplè \$91 milyon nan tout eta a pou l ogmante valè moun ki fè tès depistaj pou kansè tete, ede fanm jwenn tretman yo bezwen, ak edike plizyè milye gason sou risk ki genyen nan kansè pwostat. Eta a pral ogmante aksè pou fanm nan etablisman kote yo bay sèvis ak fè tès depistaj toupatou nan eta a, e lap travay tou pou l asire ke fanm yo resevwa nenpòt èd ki nesèsè nan orè ak kenbe randevou mamogram yo. Anplis, yo pral ranfòse efò kontak kamarad yo pou ede plis fanm konprann enpòtans tès depistaj kansè tete regilye ak pou enfòmè gason sou risk ki genyen nan kansè pwostat.

Kansè nan tete se kansè ki pi komen nan mitan fanm nan New York. Li se tou dezyèm koz lanmò ki gen rapò ak kansè nan mitan fanm New York – li responsab pou prèske 15,000 dyagnostik ak 2,700 lanmò chak ane.

Yon pi gwo priyorite nan konba kont kansè tete a se detekte li bonè nan fè plis fanm fè tès depistaj, paske li ka redwi to mòtalite a ak ogmante chans pou idantifye kansè a nan yon laj byen bonè, kote tretman an gen plis siksè. An 2014, yo te rapòte ke apeprè 78.6 pousan nan fanm ki nan laj apwopriye nan Eta New York te fè yon mamogram omwen chak de zan, alò ke apeprè 576,000 fanm pat fè li.

Gouvènè a angaje pou l ogmante kantite tès depistaj pou kansè tete nan eta a nan 10 pousan nan senk ane kap vini yo. Kòm rezilta inisyativ Gouvènè a, plis pase 212,000 lòt fanm pral fè tès depistaj pou kansè tete nan mwa Desanm 2020.

Eksepte kansè nan po, kansè pwostat se kansè ki pi komen nan mitan gason nan Eta New York – chak ane, plis pase 15,000 gason jwen dyagnostik kansè pwostat e plis pase 1,700 gason mouri ak maladi a. Kòm rezilta inisyativ Gouvènè a, 25,000 gason pral jwenn sèvis kontak kamarad ki pral ankouraje yo pou yo diskite avèk founisè swen sante yo sou risk yo genyen pou kansè pwostat pou yo ka pran desizyon ki enfòmè sou fè tès depistaj.

Lanse yon \$15 Milyon Kanpay Sansibilizasyon Prive-Piblik ak Edikasyon pou Kansè

Pou ankouraje plis fanm fè tès depistaj kansè tete ak enfòmè plis gason sou risk kansè pwostat yo, Eta a mete sou pye yon [kanpay sansibilizasyon piblik](#) de volè ki konsantre sou kominote ki defavorize yo.

Eta a pral mete ansanm ak Pwojè Edikasyon SwenSante a poul ogmante konsyantizasyon kansè tete atravè yon kanpay media ki pral vize popilasyon defavorize, ki gen revni ba yo ak ankouraje yo fè tès depistaj. Kanpay la pral abòde baryè komen pasyan yo mansyone, ki gen ladann laperèz pou yo fè tès la, ak fanm ki pa konnen ke yo dwe fè tès. An konjonksyon avèk kanpay sa a, Depatman Sante a pral etabli yon sit entènèt ki gen yon liy dirèk pou kansè tete, ak lòt mwayen pou konekte fanm yo avèk eleman pwogram ki nan inisyativ kansè tete Gouvènè a. Eta a pral kouwone efò sa yo avèk yon \$5 milyon kanpay medya konsyantizasyon piblik ak edikasyon toupatou nan eta nan senk ane kap vini yo.

Anplis, pou ankouraje plis fanm fè mamogram yo, ak plis gason diskite ak founisè swen sante yo sou risk kansè pwostat yo, Eta a pral finanse 10 pwogram edikasyon kamarad baze sou kominote toupatou nan Eta a.

Ogmante Aksè pou Tès Depistaj Kansè Tete

Pou ogmante aksè pou fanm yo jwenn sèvis nan mamogram, Depatman Sante a pral mande etablisman tès depistaj ki baze sou lopital ki deja bay sèvis mamogram yo pou yo bay sèvis bonè, aswè oswa nan wikenn omwen yon fwa pa semèn. Aksyon sa a pral ede fanm ki gen pwoblèm pou pran randevou mamogram nan lè travay nòminal 9am-5pm yo.

Pou bay aksè nan sèvis mamogram pou fanm ki ka gen pwoblèm pou yo ale nan yon

lokalite fiks pou randevou yo, Eta a pral envesti \$59.5 million pou l ede founisè ki nan kominote yo achte ak opere otomobil mamografi anbilan. Sèvis mamografi anbilan yo pral vize zòn ki gen anpil fanm ki pa fè tès depistaj nan etablisman mamografi ki sètifye pa FDA yo e yo pral bay sèvis tès depistaj ki pratik ak bonjan kalite.

Anpil fanm pran randevou pou mamogram men yo pa gen chans ale oswa fò tès la e yo pa fè swivi pou konsiltasyon oswa tretman. Pou abòde pwoblèm sa a ak bay fanm toupatou nan New York swen koòdone, Eta a pral \$11.6 milyon pou l anplwaye lòt travayè swen sante nan etablisman tretman kansè ka lèt etablisman swen sante yo pou idantifye ak kontakte pasyan yo pou tès depistaj kansè tete, adrese baryè pou fasilite finisman tès depistaj tankou transpòtasyon, ak ede sekirize nenpòt sèvis tretman ki nesèsè ak swivi pou dyagnostik.

Sipòte Rechèch sou Kansè

Devlope teknoloji tès depistaj kansè ki dijital ak fyab ka koute anpil lajan. Li difisil egalman pou biznis yo tou kap depans anpil lajan pou pote tretman kansè sou mache a. Pou ede avèk obstak sa yo, ap ap evesti \$5 milyon nan Fon Kapital Ventuure Inovasyon pou sipòte komèsyalizasyon teknoloji pwometè ki gen rapò a kansè. Finansman te ka sipòte pwodui yo kap ede ogmante kantite fi ki teste pou kansè tete, anplis de inovasyon kap amelyore dyagnostik oswa tretman kansè tete ak kansè.

Jiska dis konpayi ap resevwa investisman eta \$500,000 pou rive a \$1 milyon pou sipòte rechèch ki te antre nan premye etap nan pwosesis komèsyalizasyon an. Pou sipòte New York Ventures nan idantifye ak evalye opòtinite investisman, eta ap etabli yon Komisyon Konsèy ki konpoze de onkolojis, chèchè ak investisè bio-syans. Inisyativ investisman sa ap ogmante opòtinite pou plis biznis komèsyalize inovasyon bonè yo nan rechèch sou kansè.

KANPE POU ENTEGRITE PIBLIK, ETIK AK REFÒM GOUVÈNMAN

Fèmen Brèch LLC epi ogmante Kanpay Enfòmasyon

Nan fason pou konsève eleksyon ekita, lib ak, Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou fèmen brèch LLC yo, sa kap pèmèt moun rich yo ansanm avèk kòporasyon yo itilize Responsabilite Limite Konpayi pou evite limit kanpay donasyon New York. Anplis, pou l bay pi gwo transparans nan kontribisyon kanpay yo, Gouvènè a pwopoze ke kandida divilge kontribisyon yo nan komisyon eleksyon yo chak 60 jou, olye de kondisyon de fwa pa ane a.

Limite Revni Deyò pou Lejislatè yo

Estrikti tan pasyèl legislati a pèmèt pwofesyonèl ki soti nan plizyè endistri ak lòt kote sèvi piblik la. Sa bay yon avantaj distenk pou legislatè ki pa politisyen karyè yo, men ki gen anpil enterè ak eksperyans. Pou l jwenn bon ekilib la, Gouvènè a pwopoze ke Eta New York adopte limit sou revni deyò pou legislatè yo ki menm janm ak limit gouvènman federal nou an mete sou revni deyò lejislasyon yo. Pwopozisyon an pral limite revni deyò lejislasyon Eta yo nan 15 pousan nan salè debaz yo.

Limite Revni Deyò pou Lejislatè yo

Lwa eleksyon aktyèl yo favorize donatè ki rich yo ak entèrtè espesyal yo. Pou pi senp, pa gen okenn ankourajman pou kandida yo konte sou moun òdinè kap bay don pou kanpay. Nan eleksyon 2006 yo, pa egzanp, kandida New York yo te konte mwens sou ti donatè (\$1- \$250) pase tout eksepte twa lòt eta nan tout peyi a. Sèl fason konplè pou yo ranje pwoblèm sa a ak restore vwa tout moun New York se pou yo adopte yon sistèm finansman piblik volontè pou fè kanpay politik ki konsantre sou mache finansman ki soti nan men donatè ki pi piti yo. Pou akonpli objektif sa a, Gouvènè apwopoze yon sistèm finansman kanpay piblik volontè.

Apwouve Lòt Refòm Finansye pou Kanpay

Kontrèman ak lwa federal, New York pèmèt moun ak antrepriz yo bay kontribisyon san limit pou kont fèt “menaj” yo. Yo sipoze itilize kont sa yo pou aktivite fèt ki pa gen rapò ak kanpay, men yo sèvi kòm yon pòt dèyè pou gwo lajan sikile pou enfliyanse kous politik yo. Sistèm aktyèl nou an pèmèt entèmedyè kontribisyon kanpay tou, ki rele “bundlers,” bay gwo kontribisyon endividyèl pou kanpay yo ak akeri enfliyan politik san yo pa deklare idantite yo. Gouvènè a pwopoze pou l ranje toude pwoblèm sa yo nan bay yon limit kontribisyon \$25,000 sou kont menaj yo ak egzije pou bundlers’ yo bay idantite yo.

Ankouraje Transparans nan Nouvo Refòm nan FOIL

Lwa Enfòmasyon sou Libète New York la gouvènè dwa piblik la pou l gen aksè nan dosye gouvènman yo ak bay transparans pou sitwayen kap travay nan gouvènman eta a. Gouvènè a pwopoze yon refòm konplè nan FOIL pou amelyore transparans ak pwomote onètete nan gouvènman eta a. Men transparans paka limite sèlman nan Egzekitif, e poutèt sa Gouvènè a pwopoze pou yo aplike FOIL egalman nan Lejislati a. Anplis, Gouvènè a pwopoze pou yo aplike FOIL nan toude JCOPE ansanm avèk Komisyon Etik Lejislatif yo pou ankouraje plis transparans ak sans responsablite ak amelyore konfyans piblik nan gouvènman nou an.

Egzije Lejislatè ki Kondane pou Koripsyon yo Renonse a Pansyon yo

Fonksyonè piblik ki kondane pou koripsyon yo pa dwe kontinye ap kolekte pansyon yo te fè nan sèvis piblik. Lejislatè ki vyole devwa yo anvè moun New York pa dwe kontinye ap touche nan men moun New York nan okenn fason. Gouvènè a pwopoze pou l adopte yon rezolisyon komen ki pral mande pou lejislatè ki kondane pou yon krim ki gen rapò ak fonksyonman piblik yo renonse a pansyon yo, kèlkeswa lè lejislatè sa a te antre an fonksyon.

Ogmante Transparans JCOPE ak Ranfòsman ak Ranfòse Kondisyon Etik pou Aktivis yo

Komisyon Revizyon JCOPE a te bay yon rapò an 2015 ki detaye plizyè chanjman pou pèmèt JCOPE fè travay li pi byen. Kòm repons, Gouvènè a pwopoze yon pake chanjman ki nesèsè pou JCOPE ogmante transparans ak amelyore pouvwa egzekitif li yo. Tout ofisye piblik dwe ranpli Deklarasyon Divilgasyon Finansye yo, men bonjan gwoup nan gouvènman ak piblik la mande pou ranfòse kondisyon divilgasyon sa yo.

Gouvènè Cuomo poutèt sa pwopoze lejislasyon ki pou otorize anplwaye JCOPE yo chache dokiman ki sipòte deklarasyon ki te fèt nan FDS, ogmante otorite kont ofisye piblik ki pa konfòme ak odit JCOPE yo, ak kreye sipèvizyon Pwokirè Distri sou moun ki bay move enfòmasyon finansye volontèman nan FDS la. Lejislasyon sa a ap elimine valè kategori tou nan FDS pou l egzije ofisye piblik yo rapòte montan aktyèl yo. Finalman, lejislasyon sa a pral enpoze penalite finansye pou tout vyolasyon nan Kòd Kondwit Ofisye Piblik yo ki nan Seksyon 74 nan Lwa Ofisye Piblik yo, e li pral kreye “responsablite akseswa” pou l pèmèt JCOPE pouswiv antyèman moun ki ede ak ankouraje vyolasyon lwa Ofisye Piblik yo.

Konvoke yon Komisyon Konstitisyonèl

Konstitisyon New York la prevwa ke, chak 20 ane, moun New York dwe vote pa referandòm pou yo konnen si pou yo fè yon konvansyon pou amande konstitisyon Eta a. Pwochen referandòm nan ap fèt an 2017, e Gouvènè Cuomo panse ke yon konvansyon konstitisyonèl bay votè yo opòtinite pou yo fè refòm kap dire nan Albany. Gouvènè a pral investi \$1 milyon pou l kreye yon komisyon ekspè, ki pa patizan pou l devlope yon plan pou yon konvansyon. Komisyon an pral gen otorizasyon tou pou l rekòmande koreksyon nan pwosesis seleksyon delegasyon konvansyon aktyèl la, ke ekspè yo dakò ki gen fay.

Vote Bonè nan 139 Lokalite

New York gen 19.8 milyon rezidan, men sèlman 11.7 milyon Nouyòkè anrejistre pou vote. Nan dènye ane eleksyon ki pa prezidansyèl la, sèlman 29 pousan votè ki anrejistre te patisipe – mwens ke youn sou twa. Nan dènye eleksyon prezidansyèl la, sèlman 53.6 pousan nan votè ki anrejistre yo te patisipe.

Aktyèlman, moun New York ka vote bonè nan bilten vòt absans, men sèlman si yo satisfè sèten kritè tankou pa nan peyi a nan Jou Eleksyon an oswa pa kapab ale nan biwo vòt akòz yon andikap. Pou plizyè Nouyòkè kap travay, li ka difisil pou yo ale nan biwo vòt yo nan Jou Eleksyon an.

Pou ogmante patisipasyon votè yo, Gouvènè a pwopoze legislasyon ki pral pèmèt Nouyòkè yo vote bonè nan tout eleksyon yo. Legislasyon sa a pral egzije chak konte yo bay rezidan yo aksè nan omwen yon biwo vòt ki pral pèmèt rezidan yo vote pandan 12 jou avan Jou Eleksyon yo. Votè yo pral gen omwen wit èdtan nan jou la semèn ak senk èdtan nan wikenn pou yo jete bilten yo. Konte yo dwe genyen yon biwo vòt bonè pou chak 50,000 rezidan e konsèy komite patizan yo pral detèmine plas espesifik pou biwo vòt la, ki sijè a estanda pou aksè ak konvenyans. Vòt bonè yo pral ogmante patisipasyon ak fè eleksyon nou an vin pi jeneral ak demokratik.

Enskripsyon Votè Otomatik

Gouvènè Cuomo angaje pou l modènize sistèm enskripsyon vot la. Ane sa a, Gouvènè a pral fè New York vin twazyèm eta nan peyi a ki adopte enskripsyon vòt otomatik nan Depatman Otomobi la. Sitwayen yo ka kòmanse anrejistre pou vote nan DMV a, men pwosesis la gen twòp traka pou granmesi, li egzije yon potansyèl votè pou l enkli enfòmasyon vòt siplemantè nan aplikasyon yo pou yon sèvis DMV. Nan nouvo sistèm

nan, sof si yon itilizatè DMV chwazi, enfòmasyon yo itilize nan nenpòt aplikasyon DMV prale otomatikman nan komisyon eleksyon konte a pou anrejistre aplikan an oswa aktyalize enfòmasyon enskripsyon an. Nouyòkè ki pa vle anrejistre pou vote ka sèlman tche yon kare “chwazi”. Chanjman sa a pral ede yo kenbe lis elektoral ki egzist ak fasilite moun New York patisipe nan eleksyon yo.

Adopte Bon Gouvènman ak Transparans

Gouvènè Cuomo pwopoze legislasyon ki pral pèmèt kontribyab ki konsène ki soti toupatou nan Eta a pou jwenn aksè nan plis enfòmasyon sou ki kote ak kijan lajan soti nan men leta pou l ale nan men sitwayen prive yo. Biwo Kontwolè Eta a ak Pwokirè Jeneral la gentan gen plizyè kalite pouvwwa pou antreprann verifikasyon ak ankèt konsènan itilizasyon fon Eta a. Sepandan, nan pratik aksyèl, de biwo sa yo pa koòdone lè yap fè odit kontra machann ak biznis prive yopouanba. Legislasyon Gouvènè a pral dirije Pwokirè Jeneral laT, Biwo Kontwolè Eta a, Biwo Sèvis Enfòmasyon ak Teknoloji, ak Biwo Sèvis Jeneral yo pou fè yon etid ak fè rekòmandasyon konsènan inisyativ kap pèmèt piblik la kontwole kontra eta yo pi byen.

Lwa sou Refòm Aktivis

Yo dwe ranfòse lwa aktivis nou yo pou fèmen brèch ki deja egziste yo ak amelyore aplikasyon. Legislasyon sa a pral mande konsiltan politik ki konseye ofisyèl eta oswa lokal yo pou yo anrejistre kòm aktivis, e li pral anile esklizyon aktivite vandè sou komisyon yo nan definisyon “aktivis.” Anplis, Gouvènè a pwopoze legislasyon ki pral enpoze yon penalite \$10,000 sou yon aktivis ki pa konfòme avèk odit JCOPE fè a, enpoze penalite finansye pou “ako frè kontenjan” ki deja ilegal pou aktivis yo, ak egzije depo elektwonik pou tout aktivis yo ka sijè a chaj fwod federal pou falsifikasyon.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418